# Bërëp fowoukay yi sakh woratoul: Nakala politigu imigrasioŋ gaañé suñu doom yu ndaw yi

Ñi ko bind Suma Setty, Kaelin Rapport,
Emily Rodriguez, Renato Rocha

WÉÉRU AWRIL ATTUM 2026

## TËNK BU GAAW

Bi Trump tàmbalé ñaaréélu mandaam bi ba léégi, mboolému askan yii yépp yëgnañu politig yu ñaaw yuy xéex tukkikat yi.Yaatalug saytu sartou tukikat yi, ak wàñi tànnééfi imigrasioŋ bu légaal, ak dëgërël bou méti bi si waloum ndimbal nio yokhou njakaré ak titangué mboku tukkikat yi si dëk bi yépë. Éta yi jéem nañu nékk ay aarkat wala ay doolélkat ngir liggéeyu doolél immigraasioŋ fedéraal, waye niom ñu ngi wër yenn nit yii té lolu indina ay jafé-jafé ci tukkikat yi fépp.

Xalé yi am diourombéni att ak lu néew, rawatina gni bokou si njabootu tukki-kat yi dañuy féké, diapë yi , titangué ak ndiakaré ak délo dëk ba bi makk ñi di diankontél, ta dañ kaay denthië sén xol. Xalé yu ndaw yi wuute nañu ci ni ñuy màggé, ñi mënëguñiu sax wax, dox, jang rawatina di tann njiit. Su xale yu ndaw yi yëgee ni duñu am kaaraange ci ki leen di toppatoo ci jamono yu am solo, mën na gàllankoor seen wérgi-yaram ak seen jàmm. Gëstu dafa wane ni jafe-jafe ak stress ci xale yi mën nañu gàllankoor màgg gu sell gi ci diir bu gàtt wala bu yàgg. Njéxital yu yagg yi ci politiku xeex tukkikat yi dinañu am njééxital ci xalé yooyu ci séén dunndu yepp, di indi jafé-jafé ci séén wérgi-yaram, séén xaalis, ak séén wërsëg. Galankor yi xalé yi di dundu dañ ko wara fëssël dina tax ñu bayi lén xél ta motal séeni aqq ak yéléf.

Digganté wééru suen ak desàmbar 2025, liggéeykatu CLASP amal nañu ay grupu waxtaan ak 56 nit ñu nekk ci jafé-jafé waajur tukkikat yi ak ñiy toppatoo njaboot yii 74 xale yu am 6 at ak ci suuf.

Rax ci dolli, liggéeykat yi laaj nañu lu ëpp 67 ndaw yiy toppatoo baayima yi ak xale yu ndaw yi, ñiy liggéey ci WIC ñiy dém si keur yi di saytu, ñuy liguéy ci walu wérgu yaram, ak layalkat askan wi si dëk yi di Colorado, Georgia, Illinois, Michigan, New Jersey, Texas, ak Washington.

Waajur yi ak ñuy toppatoo xalé yi ñu ngi wax ni ñu taralée saytu tukki-kat yi ak lépë lussi diëm dafa yoku njaakaré ak tite boléssi niit yi di wèet. Lolu dafa am diéxitaal si sén dund, ak lépë lou diëm si ndimbël yi réwmi di dioxé. Dëké dundu njaakaré ak tite biniu néké dafay am diéxital bu bonë si sén wérgu yaram ak xél, wayé lilén gënë diakhal moy sén dome yi dundu njaakaré ak di béeru. Ñissi ëp liniu gënë ragal mooy ñu takkalé lén ak séni dome. Waxtaan yu bari dañu wane ni sàrt ak jëf yuy xeex tukkikkat yii yi dañuy gàllankoor kaaraange xalé yu ndaw yi. Waajur yi bëgg nañu séni doom nékk ci jàmm, am wérgi-yaram ak bànneex.

Jaar-jaar yi ñii ñu fi wax yépë dafay firndél njaakaré ak diaxlé bi tukki-kat yi ak sén njaabot di jankontél saassuné ndax dëgërël ak diëfine yi ñuy ték sén kaw. Gni yor walum yonwii ak ñiy layal askan wi, ak borom dolé yi warnañu si déf ay diégo ngir arr lén tay ak ëlëk.

# XÉLAL YI ÑUY JOX WAA NGUUR GI

## ño ngi len di digël:

1 Wàññi tënk immigraasioŋ ci barab yu am solo ci wérgi-yaramu xaléyi ak askan wi. Lii bokk na ci jàppalé ay politik yu mélni (Protecting Sensitive Locations Act) (H.R. 1061/S. 455) Maanam “Aar barab yu am solo yii”

2 Féxé ba njaboot gi nékk bénn jëfandikoo sañ-sañu prokirëer bi, fexe ba àttekati tukkikat yi dañuy jël dogalal xaél yi di tenku ci wàllu waajur te xol ndax waajur yi mënañu dess ci Étaazini, ta ñu samë aqq ak yéléf waayjur yi wala kilifeu xalé yi bañu mënë diël ndogal si gën si xalé bi. Bokk nassi doxal jàppalée ci (Detained Parent Directive) maanam (Waajur Yu Ñu Tëj, ak HELP Separated Children Act), maanam (Sàrtu Xalé Yuñu Tàqalé), ak may nit ñi ñu déllówon ci lu jaarul yoon ñu déllusi ci Étaazini, rawatina ñi ñu nanguwul séén yellééfu waajur.

3 Jàppalé ay politik ak ay jëfin yu aar aqq ak yéléf mag ñi andikapé, ta nga xam ni ñi jógé bitim réew ñolén di toppato.

4 Ñu délo ta arr xaliss ak prograam yi done tax wayjuur yi ak séni njaabot mënañu dundu si tawféex. Lu ci melni delloosi wàññi gi ak yeneen mbir tiital yu bawoo ci nguur federal H.R.1 ak Medicaid, SNAP, Child Tax Credit, ak porogaraami soxla yu jiitu, ak jàppalé LIFT the Bar, HEAL, ak WISE. Ñu doli ci aye ndogal yuy samë suturë wa keur xalé yi nga xamné nguurgi di dundal si ay prograam yu mélni (Limiting ICE’s Nationwide Encroachment) maanam Wagni Dolé ICE Ci Réwmi ak (Home together Acts) maanam (Ñu Bokk Jëf Ci Kër Gi).

5 Dimabali ngir wàññi wutante yii ak yokk mëna am xél ak jot ci xel ak doxalin pajum wérgi-yaram. Lii dafa boolé dolléle yoon yu mélni (EARLY Minds Act, Health Equity and Accountability Act, Mental Health Workforce and Language Access Act, Mental Health Professionals Workforce Shortage Loan Repayment Act, ACCESS in Mental Health Act, ak Compacts, Access, and Responsible Expansion for Mental Health Professionals Act.) maanam (Sàrtu Yamale Wérgi-yaram ak Yorandiku, Sàrtu Liggéeyukaay Wérgi-yaramu Xal ak Sàrtu Yokk ci Làkk, Sàrtu Liggéeykat Wérgi-yaram Xal, Sàrtu Fayu Bor yi, ACCESS ci Sàrtu Wérgi-yaram Xal, ak Compacts, Yokk, ak Yokkateg Responsable ngir Sàrtu Liggéeykat Wérgi-yaram Xal).

6 Ñu bayi déf xaliss ci ndogal yi di lor xalé yi ak séni waayjur. Kongres bi dafa wara bañ di dolil xaliss DHS (Departemaa bi yor kaaraange ci suñu réew mi) ñi di Déllo ak doxal yoon ak sàrt yiñ tëral ngir mëna am wareéf, tamitt kongré bi dafa wara dolél (Dignity for Detained Immigrants Act,) maanam (Sargal tukki-kat yi ñu tëj) dina takh yone bi ñu tégone ngir diapë tukki-kat yi dotul am té dindi bërëp yi ñuy diapë tukki-kat yi ak sén jaboot.

7 Aar këyit ñi am ndigalalug nékk ci Amerig té yokk yoon yi jëm ci am nékkin wu yoon nangu ak am kéyti réew mi. Lii dafay laaj jàppalé ay yoon yu mélni DREAM Act, Dream and Promise Act, SECURE Act, Keep Families Together Act, Reuniting Families Act, and Protect Vulnerable Immigrant Youth Act.

8 Ñu féxé am atté yu jaar yoon ak jàppale nit ñi ñu mëna am ndimbal ci yoon. Mingi boolé jàppalé (Fairness to Freedom Act, the Access to Counsel Act, and the Fair Day in Court for Kids Act) maanam (Sàrtu Yoon ci Moom sa Bopp, Sàrtu am Awokaa, ak Bisu Yoon ci Tribunaal Ngir Sàrtu Xalé Yi).

# XÉLAL DÉPITÉ CI ÉTA YII

**Sudé yoon féderal yu béés amul , ñiy jël dogal ci réew mi mën nañu jàppalé njaboot yu am xalé yu ndaw ci nii:**

1 Défar ay sàrt yuy wañi doxalinu immigraasioŋ ci barab yu am solo ci njaboot yi ak xalé yi, lu ci mélni daara yi, opitaal yi ak barabi jàngalé xalé yu ndaw yi.

2 Défar ay sàrt you dindi liggéeyandoo diggganté kilifay immigraasioŋ federal ak poliisu dëkk bi.

3 Défar ay sàrt yu aar detay piriwé ci nit yii bokk ci porogram ngur gi di dimbali askan wi.

4 Défar ay sàrt yuy may waajur yi ñu mëna dénkané séni doom si ay nit ño khamanténé su dara xéwé meuna jëlal xaléyii ay dogal.

5 Yéesalaat doxalinu karangué xalé yi ngir yokk séeni cér ci mëna dajéwaat ak séén wayjur bu ñu tëj kasso walla bu ñu dàq réwmi.

6 Yaatal te sàmm ak jot ci ndimbal yu am solo yu jëm ci soxla yu manul niak, rawatina wallum wérgu yaramu xaleyii ak xél.

7 Défar ay sàrt yu japéle tukki-kat yi ñu ayi awoka gnir nu mëna lidiënti séni dosiyé imigraasioŋ siwil.

---

# XÉLAL ÑIY JOXÉ XAALIS NGIR JÀPPALÉ ASKAN WI

**Mbooleem ñiy jàppalée askan wi nañu dugal xaalis ci lugaaw ci lu mélni:**

1 Ndimbal lu gaaw té jublu ci xalé yi bokk ci njabootu tukikat yi ak aye kurél yu lén di toppatoo.

2 Jéego yuy wañi wala dakal doxalin ak ay jëf yu bonë yu dieum si tukki-kat yi.

3 Sàrt yui djapalé fëp ci nguur gi.

4 Jéego ngir jàppalé wérgu-yaramu xélug liggéeykat yi ci mbootaay yu yor walum tukkikat yi.

5 Ayi mbootaay ci askan wi yui japalé wérgu yaramu xél yaay yi ak liir yi.

6 Ay awoka yi yomb pur njabooti tukkikat yi.

7 Jëflanté bu dëgër digganté nit ñu wuutéxéét ci bépp kuréel buy taxawu xalé yi.

8 Sàkk ak tasaaré ay jumtukaay ngir liggéeykat yiy toppatoo xalé yi ak njàng mi meun ko jëfandiko.

9 Tasaaré jokkogi ak xibaar yii ngir xamal njabootu tukkikat yi politik yi ñu lén diaglél, séeni àq ak yéléf, ak naka lañu mënée taxawu séen bopp ak séeni askan.

10 Jéego ngir rataxal diguanté gëstukat yi ak ñiy diapalé.

11 Bind gëstu yi ñu déf ci njeexitalu politigu tukkikat yi ci xalé yu ndaw yi ak ñi leen di toppato.

12 Yéegal askan wi yépe, ñiy déf politig yi, ak yénéen joxékat yi ci solo bi domu tukkikay yi am ci ëllëgu réew mi.

13 Liggéey ngiraskan bi ak wa ngur gi xamni sistemu imigracioŋ bi défa yàgg, ñu khamni tukkikat yii ayi nitlañu suko déféé askan wi ak ñiy jël dogal coppite ci sistem bi indi lu arr xalé yii.

Ñiy tëral politig ak ñiy dimbali si mbirum xaalis war nañu jëf léégi ngir wàññi loraangé yi imigrasioŋ mëna jur ci xalé yu ndaw yii. Yoon yiy laal sunuy doom dañuy wané si ban yi ci ban xéétu askan lañui dundu té deyi joxé fundaasioŋ ngir ëlëg gu baax. Xale boo giss yelloona dundu ci jàmm, wóor, ak am askan wu jub.